

**Dragon Gets By**  
(by Dav Pilkey )  
Translated to Haitian-Creole

Manje Dragon fini e misye te grangou anpil. Li antre nan machin li pou l al achte manje nan yon boutik. Boutik la so tèt yon mòn **apik**.

Dragon renmen al **achte**. Li se yon **achtè** ki prudan. Li achte manje ki nan senk gwoup manje ki bon pou lasante. Li achte fwomaj nan gwoup krèmri. Li achte bonbon nan gwoup pen. Li achte ketchup nan gwoup fwi ak vejetab. Li achte po kochon fri nan gwoup vyann. Dragon gen yon diyèt ki byen **balanse**. Dragon pran anpil manje epi li mete yo tout nan charyo li. Li sitèlman achte anpil manje, li pa t kab mete tout nan machin li.


Dragon di “Mwen konn sa m pral fè” Mwen pral manje enpe nan manje yo kounye a. Apre sa, rès la ap kab antre nan machin nan. Li chita epi l tonbe manje. Ah! li manje san rete. Yon ti moman apre, tout manje a fini. Kounye a, se Dragon ki pa ka antre nan machin nan!

Dragon di “Oh, kisa mwen pral fè?”. Li panse e li panse epi li di. Li di “mwen pral pouse machin nan pou al lakay mwen”. Machin nan woule desann mòn nan. Machin nan glise desann byen vit, Dragon pa t kapab

kouri ansanm ak machin nan. Alafen, machin Dragon an rive kanpe devan kay li.

Tout **kontantman** sa yo fè Dragp vin grangou anpil. Li al nan kwizin nan epi li gade nan gadmanje a. Pa t gen manje ditout. **Gadmanje** a te vid. Dragon di:”Li lè pou m al fè **pwovizyon**”





balans	Krèmri	diyèt	grangou
achtè	achte	vejetab	Pa egal
Grangou anpil	Apik	acha	jiskaske
kwizin	devan	gadmanj e	woule
antre	Kontan- man	vid	gwoup manje pou la sante

## Lesson Activities

### Pre-reading:

**Vocabulary:** Introduce vocabulary words and picture cards  
apik (steep); achte (shopping); achtè (shopper); pwodwi krèmri (dairy); bonbon (doughnuts); Ketchup; Vejetab (vegetables); po kochon fri (rinds); balanse (balanced); diyèt (diet); kontantman (excitement); grangou (hungry);

**Read the first paragraph. Then, have the students summarize the story so far and predict what dragon will do next. Then read the rest of the story.**

### Kesyon

1. Ki sa ki nan gwoup manje? (dairy, grains, fruits, vegetables, meat and proteins, fats, oils and sweets)
2. Poukisa Dragon panse fwomaj nan gwoup pwodwi krèmri? (fwomaj nan gwoup la)
3. Eske w dakò Dragon gen yon diyèt byen balanse? Wi ou non, Poukisa (non li manje fwidòdòy sèlman ki gen sik ak grès)
4. Poukisa manje yo pa t antre andan machin Dragon an? (l achte twòp manje)
5. Ki solisyon Dragon te genyen? Eske w panse solisyon Dragon an se yon bon solisyon? (non, paske si li manje enpe nan manje yo li p ap gen ase pou sere nan gadmanje li)

### Konpreyansyon:

1. Kiyès ki pèsonaj prensipal istwa a?
2. Kisa pèsonaj la te vle fè?
3. Kisa ki te rive?
4. Ki pwoblèm Dragon t ap eseye rezoud?
5. Kijan li deside rezoud pwoblèm nan?
6. Kisa ki pase lè li pouse machin nan?

### Inferences:

Dragon renmen al achte paske \_\_\_\_\_ (li achte sa li renmen) Ask the students if they like to go shopping and why?

### Compare and Contrast:

Dragon te nòmal anvan li manje tout manje yo. Apre sa, li \_\_\_\_\_ (twò gwo)

## **Writing**

Have the students name and label foods that are familiar to them (especially foods that are not familiar to Americans like goumoun etc.)

Have them draw and labels them. Find their corresponding English names.

You may want to bring some to class.

Have students make a shopping list of healthy foods.